

# NYSITELL

# Enfòmasyon Pou Paran Sou Egzamenn Pou Idantifye Elèv K ap Aprann Angle (NYSITELL)

## KI SA NIVO KONPETANS YO VLE DI?

Dapre nivo piti ou nan egzamen NYSITELL a

## KI SÈVIS PITIT MWEN DWE JWENN YON FWA YO IDANTIFYE LI KÒM YON ELÈV K AP APRANN ANGLE OSWA YON ELÈV K AP APRANN NAN PLIZYÈ LANG (ELL/MLL an angle)

Depi yo idantifye pitit ou kòm yon ELL/MLL, li gen dwa pou l resevwa: Edikasyon Bileng (Tranzisyonèl oswa pwogram De Lang) ak/oswa sèvis pou elèv K ap Aprann Angle kòm Nouvo Lang (ENL an angle). Nivo konpetans li ap detèmine kantite minit sipò (tan li pase nan klas) li dwe resevwa chak semèn. Gade tablo anba a pou jwenn enfòmasyon egzak sou kantite minit li dwe resevwa dapre nivo konpetans li nan lang angle.

| Nivo | Klas K-8 Minit Enstriksyon ENL pa semèn | Klas 9-12 Minit Enstriksyon ENL pa semèn | Elèv Nan Pwogran Bileng |
|---|---|---|---|
| Antre (Debitan) | 360 minit | 540 minit | x 1 kou kominikasyon nan lang matènel<br>x Minimòm 2 matyè debaz bileng |
| Emèjans (Entèmedyè Fèb) | 360 minit | 360 minit | x 1 kou kominikasyon nan lang matènèl<br>x Minimòm 2 matyè debaz bileng |
| Tranzisyon (Entèmedyè) | 180 minit | 180 minit | x 1 kou kominikasyon nan lang matènèl<br>x Minimòm 1 matyè debaz bileng |
| Ekspansyon (Avanse) | 180 minit | 180 minit | x 1 kou kominikasyon nan lang matènèl<br>x Minimòm 1 matyè debaz bileng |

## ON FWA MWEN JWENN REZILTA EGZAMEN YO, KÒMAN MWEN KA EDE PITIT MWEN LAKAY?

- Li pou pitit ou nan lang matènèl li/lang ou pale lakay ou ak/oswa an angle (rechèch yo fè demontre ke li pou pitit ou nan lang ou pale lakay ou, sa ede l devlope adrès nan lang angle).
- Rakonte pitit ou istwa nan lang matènèl/lang ou pale lakay ou
- Ale nan bibliyotèk epi prete liv odyo nan lang matènèl/lang ou pale lakay ou oswa an angle.
- Toujou ale nan reyinyon paran ak pwofesè yo fè nan lekòl la.
- Pran randevou ak pwofesè pitit ou pou jwenn enfòmasyon sou kijan ou kapab ede pitit ou reyisi lekòl.
- Chak jou rezève on tan pou pitit ou fè devwa li e, si posib, chèche on kote ki trankil pou l travay san distraksyon.
- Planifye pou al nan mize. Mize yo gen gid ki kapab bay pitit ou enfòmasyon sou